



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK A TE DOUBLE KAPASITE TÈS POU ATENN 40,000 TÈS PA JOU, EPI LI ANKOURAJE TOUT NOUYÒKÈ KI ELIJIB YO POU YO FÈ TÈS POU COVID-19 LA

Eta New York kounye a gen plis pase 700 sit tès

Lanse nouvo sit wèb pou Nouyòkè yo jwenn sit tès COVID-19 ki pi pre yo

Nouvo patenarya ak CVS pou rann yo fè tès nan plis pase 60 famasi nan tout Eta a

Raple Nouyòkè ki bezwen Sipò Emosyonèl yo pou yo rele nan 1-844-863-9314 pou pwograme yon randevou gratis ak yon pwofesyonèl sante mantal

Eta a distribye gratis plis pase twa milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean jiska jodi a

Videyo kote y'ap teste Gouvènè Cuomo pou COVID-19 la disponib isit la epi nan kalite TV isit la

Konfime 1,889 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 350,121; Nouvo ka nan 46 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York a te double kapasite tès pou atenn 40,000 tès dyagnostik pa jou, epi li te ankouraje tout nouyòkè ki elijib yo pou yo vizite yon nouvo sit wèb pou jwenn yon sit tès ki pre a. Anons jodi a rive twa semèn apre Gouvènè a te anonse yon akò ant Eta New York a ak gouvènman federal la pou ogmante kapasite New York pou fè tès soti nan 20,000 tès pa jou pou pase a 40,000 tès pa jou.

Kritè tès dyagnostik eta a kounye a gen ladan tout moun ki ka retounen nan espas travay la nan premye faz plan re-ouvèti eta a. Kounye a Nouyòkè yo ki kalifye pou tès dyagnostik yo enkli:

- Nenpòt moun ki gen sentòm COVID-19;
- Nenpòt moun ki te gen kontak ak yon moun ke yo konnen ki pozitif pou COVID-19;
- Nenpòt moun sijè a yon karantèn prevantif oswa karantèn obligatwa;

- Nenpòt moun anplwaye kòm yon pwofesyonèl swen sante, travayè kay retrèt oswa premye sekouris;
- Nenpòt travayè esansyèl ki dirèkteman ap fè entèraksyon ak popilasyon an pandan y'ap travay; ak
- Nenpòt moun ki ka retounen nan espas travay la nan premye faz plan re-ouvèti eta a.

Gouvènè a anonse tou lansman yon nouvo sit wèb kote Nouyòkè yo kapab fasilman jwenn sit tès COVID-19 ki pi pre yo. Nouyòkè yo kapab vizite coronavirus.health.ny.gov/covid-19-testing epi antre adrès yo pou yo ka wè yon lis ak yon kat jeyografik sit tès ki pi pre yo. Eta a fè patenarya tou ak Google Maps pou yo afiche rezilta sit tès yo. Nouyòkè yo kapab fè rechèch "COVID testing near me" (tès COVID tou pre mwen) sou Google Maps pou jwenn fasilman sit tès ki pi pre yo.

Gouvènè a te anonse tou Eta New York ap fè patenarya avèk CVS pou rann yo fè tès nan plis pase 60 famasi CVS yo atravè eta a. Chak sit a pral kapab fè 50 oswa plis tès pa jou.

Gouvènè a te raple tou Nouyòkè yo ki bezwen sipò emosyonèl pou yo rele Liy Asistans Emosyonèl (Emotional Support Hotline) Eta New York la nan 1-844-863-9314 pou pwograme yon randevou gratis ak yon pwofesyonèl sante mantal. Nouyòkè ka jwenn aksè a resous sante mantal adisyonèl yo nan headspace.com/ny.

Gouvènè a te anonse tou eta a distribye gratis plis pase twa milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean jiska jodi a, ki gen ladan:

- Plis pase 275,000 boutèy pou MTA
- 188,492 boutèy pou NYCHA
- Plis pase 117,000 boutèy pou bank alimantè yo
- 32,512 boutèy pou fèm yo atravè CCEs
- 24,060 boutèy pou BOCES

"Pandan tout pandemi sa a, tès yo se te kle pou kontwole viris la e kounye a li pral kle pou siveye viris la pandan n'ap kòmanse re-ouvri nan rejyon yo atravè eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York travay yon fason agresif pou bati yon rezo koleksyon echantiyon masif nan tout eta epi kounye a li ap teste plis pase nenpòt eta oswa peyi pa abitan, men nouvo pwoblèm nou an, se nou gen plis sit ak kapasite pase sa nou ap itilize aktyèlman. Plis Nouyòkè yo fè teste yo, se pi byen -- epi nou pral asire ke tout moun ki pral retounen nan espas travay nan premye faz plan re-ouvèti nou an gen aksè ak tès, epi nou ap lanse yon nouvo sit entènèt pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo jwenn sit tès ki tou pre yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,889 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 350,121 ka konfime nan Eta New York. Nan total 350,121 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jeyografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------|---------------|---------------|
| Albany | 1,579 | 7 |

| | | |
|-------------|---------|-----|
| Allegany | 44 | 0 |
| Broome | 414 | 1 |
| Cattaraugus | 65 | 0 |
| Cayuga | 63 | 0 |
| Chautauqua | 48 | 0 |
| Chemung | 134 | 0 |
| Chenango | 117 | 2 |
| Clinton | 92 | 1 |
| Columbia | 340 | 2 |
| Cortland | 34 | 0 |
| Delaware | 69 | 1 |
| Dutchess | 3,543 | 16 |
| Erie | 4,954 | 87 |
| Essex | 33 | 1 |
| Franklin | 18 | 0 |
| Fulton | 171 | 23 |
| Genesee | 180 | 2 |
| Greene | 212 | 1 |
| Hamilton | 5 | 0 |
| Herkimer | 91 | 0 |
| Jefferson | 71 | 0 |
| Lewis | 16 | 3 |
| Livingston | 110 | 3 |
| Madison | 258 | 0 |
| Monroe | 2,258 | 66 |
| Montgomery | 75 | 0 |
| Nassau | 39,136 | 103 |
| Niagara | 792 | 22 |
| NYC | 192,593 | 993 |
| Oneida | 760 | 9 |
| Onondaga | 1,501 | 32 |
| Ontario | 146 | 7 |
| Orange | 9,943 | 64 |
| Orleans | 167 | 4 |
| Oswego | 84 | 1 |
| Otsego | 67 | 0 |
| Putnam | 1,136 | 9 |
| Rensselaer | 439 | 1 |

| | | |
|--------------|--------|-----|
| Rockland | 12,758 | 70 |
| Saratoga | 428 | 5 |
| Schenectady | 620 | 7 |
| Schoharie | 47 | 0 |
| Schuyler | 9 | 1 |
| Seneca | 51 | 1 |
| St. Lawrence | 192 | 0 |
| Steuben | 234 | 1 |
| Suffolk | 38,117 | 175 |
| Sullivan | 1,231 | 14 |
| Tioga | 113 | 1 |
| Tompkins | 139 | 1 |
| Ulster | 1,552 | 15 |
| Warren | 232 | 4 |
| Washington | 219 | 1 |
| Wayne | 96 | 4 |
| Westchester | 32,224 | 127 |
| Wyoming | 78 | 0 |
| Yates | 23 | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)